



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO AJOUTE SENK ETA NAN AVÈTISMAN VWAYAJ  
LA AK 10 MILYON TÈS DYAGNOSTIK COVID-19 YO REYALIZE**

*Arizona, Minnesota, Nevada, Rhode Island, ak Wyoming satisfè kritè pou yo  
kalifye yo; yo pa retire okenn zòn*

*0,89 Pousan Tès yo Te Fè Yè pou COVID-19 yo te Pozitif*

*3 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè*

*SLA ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta a Vizite 1,023 Etablisman; Obsève 3  
Etablisman ki Pa Konfòm*

*Konfime 754 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total  
nan tout Eta a rive 451,227; gen nouvo ka nan 43 Konte*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo ajoute senk Eta—Arizona, Minnesota, Nevada, Rhode Island, ak Wyoming—nan avètisman vwayaj pou COVID-19 Eta New York la. Nou pa te retire okenn zòn. Avètisman an egzike moun ki te vwayaje New York soti nan zòn ki gen pwopagasyon kominotè siyifikatif pou you mete yo an karantèn pandan 14 jou. Karantèn lan aplike pou nenpòt ki moun ki rive soti nan yon zòn ki gen yon pousantaj tès pozitif pi wo pase 10 pou chak 100,000 abitan sou yon mwayèn mobil 7 jou oswa yon zòn ki gen yon pousantaj 10 pousan oswa pi wo pozitivite sou yon mwayèn mobil 7 jou.

Gouvènè a te anonse tou ke Eta New York te reyalize kounye a 10 milyon tès dyagnostik COVID-19. Chif nouvo ka yo, pousantaj tès ki te pozitif yo ak anpil lòt pwèn done itil yo toujou disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"Pou yon egzanp klè sou dimansyon kontini kriz COVID-19 la, ou pa bezwen gade pi lwen pase lis avètisman vwayaj New York la. Pwopagasyon viris la nan tout peyi a—nouvo ka yo te ogmante nan plis pase 15 pousan nan 10 dènye jou yo—fè li vini plis ijan ankò ke nou dwe rete vijilan isit la lakay nou", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Se pou sa Nouyòkè yo dwe kontinye pote mask, kenbe distans sosyal ak lave men nou an kolaborasyon ak aplikasyon lalwa an tout pridans gouvènman lokal yo ap fè a. Nou kapab bat viris sa a lè nou rete New York Solid (New York Tough), men nou genyen yon wout ki long devan nou".

Lis avètisman vwayaj, konplè ki aktyalize a anba a:

- Alabama
- Alaska
- Arkansas
- Arizona
- Delaware
- Florida
- Georgia
- Guam
- Idaho
- Illinois
- Indiana
- Iowa
- Kansas
- Kentucky
- Louisiana
- Minnesota
- Missouri
- Mississippi
- Montana
- North Carolina
- North Dakota
- Nebraska
- Nevada
- Oklahoma
- Puerto Rico
- Rhode Island
- South Carolina
- South Dakota
- Tennessee
- Texas
- Utah
- Virginia
- Wisconsin
- West Virginia
- Wyoming

Yè, Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) a ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta (State Police Task Force) te visite 1,023 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 3 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Nassau** - 3

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize - 470 (+2)**
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital - 43**
- **Lopital Konte yo - 31**
- **Kantite ICU - 133 (-1)**
- **Kantite ICU nan entibasyon - 67 (+1)**
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo - 76,246 (+28)**
- **Kantite Lanmò - 3**
- **Kantite Lanmò Total - 25,432**

Sou 83,997 tès pozitif yo te repòte nan Eta New York yè yo, 754, oswa 0.89 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon yo pandan twa dènye jou yo repati konsa:

<b>REJYON</b>	<b>SAMDI</b>	<b>DIMANCH</b>	<b>LENDI</b>
Capital Region	0.5%	1.0%	0.5%
Central New York	1.2%	1.2%	1.5%
Finger Lakes	0.4%	0.8%	0.3%
Long Island	0.9%	0.9%	1.1%
Mid-Hudson	1.0%	1.1%	1.2%
Mohawk Valley	0.4%	0.2%	0.2%
New York City	0.9%	1.0%	1.0%
North Country	0.5%	0.0%	0.4%
Southern Tier	0.4%	0.7%	0.4%
Western New York	1.6%	1.6%	1.2%

Gouvènè a te konfime tou 754 nouvo lòt ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 451,227 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 451,227 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se sa yo:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	3,037	13
Allegany	99	0
Broome	1,476	4
Cattaraugus	255	0
Cayuga	202	3
Chautauqua	547	6
Chemung	349	11
Chenango	248	0
Clinton	155	1
Columbia	582	0
Cortland	162	1
Delaware	131	1

Dutchess	5,084	8
Erie	11,082	40
Essex	161	1
Franklin	65	0
Fulton	332	0
Genesee	317	1
Greene	321	1
Hamilton	15	0
Herkimer	322	1
Jefferson	164	1
Lewis	50	0
Livingston	202	1
Madison	489	1
Monroe	5,925	14
Montgomery	229	2
Nassau	46,325	66
Niagara	1,733	5
NYC	240,807	351
Oneida	2,378	0
Onondaga	4,253	22
Ontario	465	1
Orange	11,835	13
Orleans	325	1
Oswego	464	8
Otsego	332	0
Putnam	1,583	6
Rensselaer	901	0
Rockland	14,891	58
Saratoga	1,006	2
Schenectady	1,383	0
Schoharie	83	0
Schuyler	39	1
Seneca	105	0
St. Lawrence	319	1
Steuben	360	7
Suffolk	46,176	67
Sullivan	1,573	0
Tioga	225	1
Tompkins	399	1
Ulster	2,244	2

Warren	363	0
Washington	288	1
Wayne	311	0
Westchester	37,866	29
Wyoming	132	0
Yates	62	0

Yè, te gen 3 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,432. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

<b>Ka lanmò yo dapre konte rezidans</b>	
<b>Konte</b>	<b>Nouvo ka lanmò yo</b>
Erie	1
Kings	1
Manhattan	1

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
 Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)